



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF KI RANFÒSE EGZEKISYON ETA  
A PANDAN RE-OUVÈTI PA FAZ LA POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO EPI ASIRE  
KONFÒMITE BIZNIS YO**

*Vyolasyon règ ak direktiv sou re-ouvèti yo ka lakòz pèt imedya lisans pou vann  
bwason ak òdonans fèmten pou biznis yo*

*Epitou pibliye dekrè egzekitif pou etann zòn egzekisyon Otorite Alkòl Eta a nan  
bay ba yo responsablite zòn imedyatman andeyò lokal yo a*

*Desizyon final sou Vil New York k ap antre nan dezyèm faz lendi ta dwe rive  
demen*

*Eta a pral pibliye direktiv bay kolèj ak inivèsite yo pou otorize kèk ansèyman an  
pèsòn ak lojman sou kanpis pou semès otòn lan.*

*Mwens pase yon pousan tès pou COVID-19 yè yo te pozitif*

*Konfime 618 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout  
Eta a rive 385,760; Nouvo ka nan 37 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki ranfòse egzekisyon eta a pandan re-ouvèti pa faz la pou pwoteje Nouyòkè yo ak asire konfòmite biznis yo. Biznis yo ki vyole règ ak direktiv sou re-ouvèti yo ap pèdi touswit lisans pou vann bwason yo epi ap gen yon òdonans pou fèmten. Gouvènè a te anonse tou li pral pibliye yon Dekrè Egzekitif pou etann zòn egzekisyon Otorite Alkòl Eta a nan bay ba yo responsablite pou zòn lan imedyatman andeyò lokal yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral pibliye direktiv pou kolèj ak inivèsite yo pou pèmèt kèk ansèyman an pèsòn ak lojman sou kanpis ak pou semès otòn lan. Kanpis yo dwe devlope yon plan ki ateste respè direktiv la ak depoze plan yo bay Eta a.

Gouvènè a te anonse tou yon desizyon final sou Vil New York k ap antre nan Dezyèm Faz la lendi sa ta dwe rive demen apre yon revizyon ekspè global yo sou done yo. Direktiv pou biznis sou Dezyèm Faz nan plan re-ouvèti Eta a disponib [isit la](#).

"Pandan n ap pase nan faz re-ouvèti sa yo, fonksyon konfòmite ak egzekisyon gouvènman lokal la vin pi difisil. Nou pral pran yon mezi anplis nan pibliye Dekrè Egzekitif yo pou ogmante kapasite egzekisyon Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te fè sa kounye a nan tout rejyon nan eta a epi an jeneral sa te fonksyone, men sa fonksyone pi byen oswa pi mal tou depann de konfòmite ak egzekisyon an ak jan moun yo respekte règ yo. Nouyòkè yo te fè yon travay eksepsyonèl nan lite kont viris sa a men siksè nou depann de nou tout ki pou kontinye rete entèlijan."

Eta a te atenn ankò pousantaj tès COVID-19 ki pi ba yè depi lè pandemi an te kòmanse. Sou 68,541 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, sèlman 618, oswa mwens pase yon pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	LENDI	MADI	MÈKREDI
<b>New York City</b>	1.20%	1.20%	1.00%
<b>Capital Region</b>	0.70%	0.30%	0.40%
<b>Central New York</b>	1.40%	1.10%	3.00%
<b>Finger Lakes</b>	0.60%	0.60%	1.00%
<b>Long Island</b>	1.00%	0.70%	0.70%
<b>Hudson Valley</b>	1.00%	0.90%	0.60%
<b>Mohawk Valley</b>	1.40%	0.60%	1.30%
<b>North Country</b>	0.20%	0.30%	0.10%
<b>Southern Tier</b>	0.20%	0.10%	0.00%
<b>Western New York</b>	1.00%	1.00%	1.10%

Gouvènè a te konfime tou 618 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 385,760 ka konfime nan Eta New York. Nan total 385,760 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,034	5
Allegany	57	2
Broome	657	0
Cattaraugus	109	0
Cayuga	106	0
Chautauqua	110	2
Chemung	138	0
Chenango	139	0
Clinton	99	0
Columbia	443	1

Cortland	44	2
Delaware	89	0
Dutchess	4,088	11
Erie	6,920	38
Essex	40	0
Franklin	26	1
Fulton	236	0
Genesee	217	1
Greene	252	0
Hamilton	6	0
Herkimer	128	0
Jefferson	82	0
Lewis	21	0
Livingston	123	0
Madison	341	3
Monroe	3,439	21
Montgomery	105	1
Nassau	41,349	29
Niagara	1,183	6
NYC	211,260	319
Oneida	1,332	25
Onondaga	2,615	57
Ontario	235	1
Orange	10,604	5
Orleans	271	1
Oswego	144	5
Otsego	82	0
Putnam	1,295	1
Rensselaer	515	0
Rockland	13,474	7
Saratoga	526	3
Schenectady	738	1
Schoharie	55	0
Schuyler	12	0
Seneca	64	0
St. Lawrence	215	0
Steuben	257	0

Suffolk	40,810	40
Sullivan	1,434	1
Tioga	140	0
Tompkins	173	0
Ulster	1,746	2
Warren	258	1
Washington	243	0
Wayne	139	2
Westchester	34,409	24
Wyoming	93	0
Yates	40	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)